Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе
байбихьана 1952 с.



# Гумбет
Гумбет районалъул газета

№ 10 (6642) 25 февраль 2019 с. Итни Жумадул ахир 1440 с. Багьа - эркенаб

БАРКИ

## Баркула ВатIан цIунулезул къо

**ГIадатлъун лъугьухье, щибаб соналъул 23 февралалда Россиялъул гIемермиллатазулаб халкъалъ ва бахIарчиял яргъилал къуватаз кIодо гьабула ВатIан цIунулезул къо. Бищунго хIурматиял байрамазул цояблъун ккола гьеб.**

ВатIан цIунулезул къоялъ нилъер халкъалъ кIодо гьарула пачалихъалда цере Россиялъул солдатазул чIахIиял гьунарал. Нилъер солдатаз бахIарчилъи бихьизабуна КIудияб ВатIаниялъ рагъда, гьелда цересел рагъазда.

БахIарчиял умумузул мустахIикъал ирсилаллъунги рукIун, улкаялъул яргъилал къуватазул хIурматияб байрахъ борхатго ккун буго жакъа Россиялъул армиялъ. Гьелъ жиндирго хIурматияб борчлъун рикIкIунеб буго Россиялъул гIадамазул эркенлъи ва хIинкъи гьечIолъи ясбер гIадин цIуни. Гьеб армиялда мустахIикъаб къагIидаялда рагъулаб хъулухъ гьабулеб буго Гумбеталдаса васагзи.

РакI-ракIалъ баркула КIудияб ВатIаниялъ рагъул гIахьалчагIазда, районалъул кинало гIадамазда, Венгриялда, Чехословакиялда, Афгъанистаналда, Таджикистаналда, Чачан республикаялда рагъулал тунка-гIусиязда гIахьаллъаразда, Чернобылалъул авариялъул зарал лъугIизабиялда хIалтIаразда ВатIан цIунулезул къо.

Гьарула киназего щулияб сахлъи, ракълилаб ва талихIаб гIумру. Биччанте кидаго щивасда тIад букIине гвангъараб бакъ, роцIцIараб зоб. Камугеги щивасул гъаситоялда лъималазул рохалилаб релъи.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов

РОРХАТАЛ МУГIРУЗДА РУГО ГIАДАМАЛ

## ТIабигIияб балагьалъ 17 росдае зарал гьабуна

### Гучаб гьороца ва гьарзаяб гIазуялъ гьабураб кьварилъи лъугIизабиялъул суал

**Бакълъулазул районалъул нухмалъулезда цадахъ гIадамазги жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго къуватаб гьуригун гIазу баялъ ккараб зарал рукIалиде ккезабиялъулъ. Районалъул администрациялъ жиндир заманалда хехал тадбирал гьаруна кинало идарабазда ва гIуцIабазда хIалтIи низамалде бачиналъе. Районалъул 17 росдае ккана зарал: гIадамал хутIана канлъи гьечIого, автотранспорталъул хьвади, бухьен гьоркьоб къотIун, анцI-анцI минабазул тIохал гьороца ана.**



2019 соналъул 20 февралалда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана 17-19 февралалда гьури пун бараб гIазуялъул зарал рукIалиде ккезабиялъул суалалгун данделъи. Гьеб рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.

Данделъиялда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель, гIадатияб гуреб ахIвал-хIалалъул рахьалъ комиссиялъул председатель Малик Маликов, гIуцIабазул нухмалъулел, администрациялъул хIалтIухъаби ва цогидалги.

**МельелтIа, ЛъаратIа, ЦIилиь, Сивухъ, Ингишо, ЦIунди, Щабдухъ, ИчичIали, Данухъ, Аргъвани, ЦIияб Аргъвани, ЧIикь, Гъадари, ЧIиркъатIа, Гъоркь Инхо, Килалъ, ТIад Инхо росабазе зиян ккана**

«Бакълъулазул районалда гIуцIун руго гьороца, гIазуялъ ккараб зарал рукIалиде ккезабиялъул комиссиял. Россиялъул МЧСалъул Дагъистаналда бугеб бетIераб управлениялъул баяназда рекъон, тIабигIияб балагьалъул хIасилалда Дагъистаналъул 7 районалъул 38 росулъ канлъи гьоркьоб къотIана. Гьездаго гьоркьоб букIана Бакълъулазул районалъул 17 росуги. ТIабигIияб балагьалъул хIасилалда къватIисеб дунялалдаса ратIа тIезарун рукIана МельелтIа, ЛъаратIа, ЦIилиь, Сивухъ, Ингишо, ЦIунди, Щабдухъ, ИчичIали, Данухъ, Аргъвани, ЦIияб Аргъвани, ЧIикь росаби. «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул тIадкъаялда рекъон, Бакълъулазул районалъул нухмалъиялъ кинабго къуват буссинабуна тIабигIияб балагьалъул зарал рукIалиде ккезабиялде. 20 февралалде гIемерисел росабалъе канлъи бачIана, нухал гIазул гIансаздаса рацIцIад гьарулел руго», – ян абуна МухIамад Хъарагишиевас.

Бакълъулазул ракьалда гIорхъолъа борчIараб ахIвал-хIал лъазабун буго. ТIабигIияб балагьалъул кварькьи хьван буго 17 росдада. Гьел ккола МельелтIа, ЛъаратIа, ЦIилиь, Сивухъ, Ингишо, ЦIунди, Щабдухъ, ИчичIали, Данухъ, Аргъвани, ЦIияб Аргъвани, ЧIикь, Гъадари, ЧIиркъатIа, Гъоркь Инхо, Килалъ, ТIад Инхо росаби. ГIазу бачIел хьиндаллъиялъул росабалъ гьороца гьабун буго зарал – тIохал рахъун, хIубал регизарун, токалъул кварал тIезарун.

Данделъиялъул гIахьалчагIи гIенеккана ЕДДСалъул кIудияв диспетчер Гъайирби Хункарбиевас, гражданскияб оборонаялъул ва гIадатияб гуреб ахIвал-хIалалъул ишазул рахьалъ бетIерав специалист Мурадбег ХIажимурадовас къурал баяназухъ.

МухIамад Хъарагишиевас администрациялъул киналго хIалтIухъабазе, гIуцIабазул нухмалъулезе тIадкъаял къуна кинало идарабазул хIалтIул хIаракатчилъи рукIалиде бачиналъулъ гIахьаллъизе, тIабигIияб балагьалъ зарал ккаразе компенсация щвеялъе документал хIадуризе кумек гьабизе.

Цереккунисел баяназда рекъон, районалъул росабалъ къуватаб гьури бахъиналъ минабазул ва социалиялгун маданиял ригьзазул, мажгитазул ва цоги рарал бакIазул тIохал ун руго. ХIалтIулал комиссияз халгьабулеб буго ккараб заралалъул, баянал ракIарулел руго.

**Чанго къоялъги хIалтIун, гIемерисел росабалъе канлъи къуна**

Бакълъулазул РЭСалъул бетIерав инженер Камалдин ГIалиевас абуна энергетикал канлъи росабалъ рукIалиде ккезабиялде, кIудияб къуват кьун, руссун ругилан ва гIемерисел росабалъе гьеб къачIан лъугIанилан.

«Гьуригун гIазу бан Бакълъулазул районалда токалъул мухъал хвезаруна, МельелтIа подстанциялдасан ток бачараб ичIго хIуби бекизабуна, райцентралъул цIиял авалазда 13 трансформаторалъул комплекталде ток гьоркьоб къотIана, МельелтIа росулъ ункъго трансформаторалде, Аргъваниб кIиго трансформаторалде ток къотIана. Хадусел къоязде гьури дагьабги цIикIкIун бахъана, токил мухъал тIуна ва жеги тIадеги трансформаторазде ток къотIана. Канлъи гьечIого хутIана МельелтIа, ЛъаратIа, Ингишо, ЦIилиь, Щабдухъ, Аргъвани, Данухъ, ГIаркьухъ, ЧIиркъатIа, Кунзахъ, Лъанлъари, ЧIикь росаби. Бакълъулазул РЭСалъул хIалтIухъабазул къуваталдалъун, МельелтIа (кIиго трансформаторалдасан хутIизегIан), ЦIияб Аргъвани, ЧIиркъатIа, Кунзахъ, Лъанлъари ва цогидалги росабалъе электроэнергия бачIинабуна», – ян абуна Камалдин ГIалиевас.

Энергетиказ гьединго рукIалиде ккезаруна МельелтIа подстанциялдасан ругел электроваралал.

(Ахир - 2 - аб. гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



ТIоцебесеб бакI ккуна МельелтIаса цIалдохъаналъ

-2 гьум.



2018 сон: 35 такъсир ккана...

-3 гьум.



Гьале рагъалъ кьурал кьварарал васал, кьалда лъадарарал лъикIал бахIарзал

-3 гьум.



ГIабдукарим ГIусманов

-4 гьум.

**Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.**

Инхоса Пали-хIажи



# ТIабигIияб балагъалъ 17 росдае зарал гьабуна

**(Байбихьи - тIоцебесеб гьум.)**

Амма энергетиказ кигIан хIаракат бахъаниги, ток гьечIого хутIана ЦIунди ва ГIаркьухъ росаби. Энергетикал хIалтIулел руго тIабигIияб балагъалъул хIасилал лъугIизариялда тIад.

Районалъул бетIерасул ва муниципалитеталъул администрациялъул рахъалдасан МухIамад Хьарагишиевас баркала кьуна махщалида электроэнергиялдалъун росаби хьезариялъе нухмалъи гьабурав Бакълъулазул РЭСалъул бетIерав инженер Камалдин ГIалиевасе. АхIвал-хIал рукIалиде ккезабиялъе хIаракат бахъарал энергетиказда гьоркьор рехсана РЭСалъул мастер ГIабдулхIамид Хайрулаев, электромонтерал Шамил РахIматулаев, МухIамадрасул Юсупов, ГIабдулхIамид МухIамадгIалиев, шоферал Мурад ГIалиев, МухтарахIмад ГIамирханов, электромонтер Къурбан СалихIов ва цогидалги.

### ХIарисан нух гIазул гIансаз бацун буго

«Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул хIалтIухъабиги, тIубараб сордо-къоялъго чIечIого, хIалтIулел руго автотранспорт хьвадулел нухал гIаздадаса рацIцIад гьариялда, хасго захIматал шартIазда ругел росабалъе транспорт гьоркьоб къотIичIого хьвадизе шартIал гIуцIиялда тIад.

Газеталъул номер басмаялде кьолеб заманалдаги жеги рагьун гьечIо ХIаригабурлъухъан бугеб машгъураб шагьранухги.

«Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас бицана жидер махщалила, къаси, къад чIечIого, хIалтIулел ругилан.

«ЦIиликье гIатIидаб нух бахъана 20 февралалда. ХIариб бугеб нухлул хIалтIухъабазул минаялда аскIоб хьаравуллъиялда букIунеб кIиго трактор, гIазуги хьвалаго, гьебго 20 февралалда Аргъванибехун бачIана, Аргъваниса гьезда дандеги биччана цо трактор. Цоги трактор Аргъваниса ЛъаратIехунги битIана. Щабдухъа ИчичIалибеги нух букIинчIо. Гьебги бахъана. 21 февралалда радал Данухъеги нух рагъана. Гьанже Бакълъулазул мухъалъул киналго росабалъе нух буго. Амма ХIаригабурлъухъан шагьра гIаздадаса эркен гьабизе жеги чанго къо хIажалъула. НахъбакIалъул (Казбек мухъалъул) гIорхъоде щвезегIан, ХIарисан ичIго километр нухлул гIазудаса бацIцIад гьабизе ккола нижеца. Буртунай росдадаса тIаде мадугьалзабазги жеги нух бахъун гьечIо. Буртунаялдаса бакълъулазул гIорхъодеги 12 километр нухлул буго. Гьенир чIахIиял гIансал къарал бакIал руго ва гIемераб гIазу данделъун буго. ЦIиликъа Болъихъ мухъалъул гIорхъоде щвезегIан нух рагьизеги метер рузманалдаса хадуб цоги трактор битIизе буго», – ян баян кьуна Малачи Сурхаевас.

Пуй-чIваялда гьорлъ, къадги, къасиги хIалтIарал, хIаракат бихьизабурал махщалилазда гьоркьор Сурхаевас рехсана бульдозеристал АхIмад Нуцалханов, МухIамад Сайгидов, мастер ХIажима Багьавудинов, бульдозерист Давудбег ГIабдулгIазизов, грейдерист МухIамаднур Юсупов, экскаваторщик Мурад МухIамадгIалиев, механик МухIамад Мусаев, ГIалиасхIаб Идрисов ва цогидалги.

XIV гIасруялда Рекъав Тимурил аскаразул къокъаби цIорон гIунараб, цIар араб бакI кола ХIариб мегIер. МагIарухъа гIатIиракьалде гIиял гочунеб габурлъиги буго гьеб. Гендерил тоннель рагьаниги, гьеб нухалъул Дагъистаналъе кIудияб кIвар буго. Исана гIазу бан хадуб гьенир гIансал тIеялъул хIужабиги руго. Гьедин тIураб гIансиялъ Данухъ росдал мактабалъул мина босун ун букIана цересел соназда. Гьенир гIазул асирлъуда хутIарал нухлулал вертолетаз рахъизе ккарал лъугьабахъиналги рукIана.

**ГIизудинил ХIамзат**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# Бабаюрталда данделъи, библиотекабазе - 300 тIехь, школазе - 7 млн гъурущ...

### Бакълъулазул лъайкьеялъул бутIа цебетIезабиялъе анкьго миллионалдаса цIикIкIун гъурущ харж гьабуна

**18 февралалда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана транспорталъул, ЖКХялъул, газ бачиналъул, лъайкьеялъул, спорталъул ва цогидалги кIвар бугел суалал гьоркьоб лъураб данделъи.**

Данделъиялда гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул хIалтIухъаби, учрежденияззул ва гIуцIабазул нухмалъулел, бакIалъулаб самоуправлениялъул вакилзаби ва цогидалги.

Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас.

Федералияб казначействоялъул Дагъистан Республикаялда бугеб управлениялъул Гумбеталъул № 19 отделениялъул нухмалъулев АхIмад Мансуровас бицана финансовияб бутIаялда хурхарал законазда ругел хиса-басиязул ва гьел тIуразаризе ккеялъул.

Россиялъул пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновас тIадчIей гьабуна пенсиялъулал накоплениязул, эбелалъул капиталалъул ва цогидалги суалазда.

«Араб анкьалъ Бакълъулазул районалъул гIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул централде 50 чи вачIана, унеб буго хIалтIуда гьечIого пособие щолел гражданазул хьвай-хьвагIай цIи гьаби», - ян абуна гьеб учреждениялъул нухмалъулев Муслим



ГIабдурахIмановас.

Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулесул заместитель МухIамад Макашарипов ва «Гумбет районалъул гIолилал» ДРООялъул сопредседатель ГIабдула Юсупов дандчIвана ДГУялъул биологиялъул факультеталъул деканасул заместитель Керим Бекшоковгун ва биохимиялъул, биофизикаялъул кафедраялъул лабораториялъул нухмалъулев КъурамухIамад МухIамадовгун. КIиябго рахъалъ къотIи-къаял гьаруна цадахъ рекъон хIалтIизе ва районалъул администрациялъул вакилзабазулги студентазулги дандчIваял тIоритIизе. Районалъул вакилас гIахьаллъи гьабуна Сочиялда тIобитIараб Россиялъул инвестиционнияб форум – 2019 – ялда. ГIолилазул политикаялда хурхарал гьел ва цогидал суалал гIумруялде рахъинариялъул рехсана Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайировас.

Гумбеталъул централияб больницаялъул бетIерав врачасул заместитель МухIамадхIабиб Абакаровасул баяназда рекъон, больницаялда сах гьавулев вуго 58 унтарав, лъедалъун, дарабаздалъун, кванил нигIматаздалъун хьезаби квеш гьечIо.

«Сельсовет "Мехельтинский"» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас бицана автотранспорт хьвадулеб нух гIазуялдаса бацIцIад гьабиялъул.

«Гьал къояз МелъелтIа росулъ гьури пун гIемераб гIазу бана. Нухал гIазул гIансаз рацIцIад гьаризе байбихьана. Радал сагIат 5 тIубаралдасаго поселениялъул техникаялъ гIазудаса нухал рацIцIад гьаризе байбихьана. Гьелъул хIасилалда кIвана нухазда хIинкъи гьечIолъи цIунизе, - ян бихьизабуна МухIамад ГIабдунасировас. Гьес гьединго баян гьабуна росулъе газ бачиналъул бугеб хIалги.

Районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас гIахьаллъи гьабуна ДРялъул росдал магIишаталъул ва кванил нигIматазул министерствоялъул совещаниялда. Бабаюртада тIобитIараб гьеб данделъиялда гьоркьор лъуна 2019 соналъул ихдалил хурулал хIалтIаби тIоритIиялде хIадурлъиялъул суал. «Данухский» СПКялъул гIаммаб собраниялда вищана цIияв нухмалъулев – Рамазан ГIумаров. Гумбеталъул АПКялъул специалистал щвана чанго хъутаналде, гьениб гIи-боцIуда хасел тIамизаби лъикI унеб батана.

Районалъул администрациялъул бакIал раялъул ва архитектураялъул рахъалъ бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиевас бицана газ бачиналъул суал данделъиялда гьоркьоб лъеялъул, районалда гьарулел ругел бакIал раялъул ва проектниял хIалтIабазул.

Лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас рехсана ДРялъул физическияб культураялъул ва спорталъул министерствоялъул коллегиялда цере лъурал спорт цебетIезабиялде руссарал тезисал.

Муниципалияб нухмалъиялъул правовияб хIаракатчилъиялъул, бакълъулазул присяжниял заседателазул сияхI МахIачхъалаялде битIун букIиналъул бицана районалъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас.

Лъайкьеялъул политика гIумруялде бахъинабизе, районалъул цIалул заведениязул материалиябгун техникияб база щула гьабизе 2018 соналъ республикаялъул бюджеталдаса биччана ва харж гьабуна анкьго миллионалдаса цIикIкIун гъурущ: цо-цо школазе щвана гьитIинал автобусал, хIадурана воркаут-байдаби, цIалул тIахьазул база цIи гьабуна ва цогидалги хIалтIаби тIурана. Лъайкьеялъул системаялда бугеб хIалалъул информация кьуна лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас.

Районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас абуна тIахьал сайгъат гьариялъул халкъазда гьоркьосеб акциялъул районалъул библиотекабазе гIадамаз лъабнусгоялдаса цIикIкIун тIехь кьунин.

Коррупциялда данде къеркьеялъул суалазул рахъалъ районалъул бетIерасул кумекчи НурмухIамад ГIизудиновас бицана коррупциялда данде рагъ баялъул суалаздасан гIуцIараб видеоконференциялъул хIалтIулъ гIахьаллъиялъул.

Районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас данделъиялъул хIасилал гьаруна, муниципалитет цебетIеялъул рахъалъ ругел хIасилал баян гьаруна, бюджеталъул бутIаялъул киналго хIалтIухъаби ахIана гьанжесел гIелмиялгун техническиял ва информациялъулал технологияздаса пайда босун хIалтIизе.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# ТIоцебесеб бакI ккуна МелъелтIаса цIалдохъаналъ

### Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIалъул къоялъул хIурматалда конкурс тIобитIана Бакълъулазул районалда

**14 февралалда Бакълъулазул районалда Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIалъул къоялъул хIурматалда тIобитIана авар мацIалда асарал рикIкIиналъул районалъулаб конкурс 11 классалъул цIалдохъабазда гьоркьоб.**

Конкурс рагьана ва бачана районалъул информациялъулгун методикияб централъул методист Загьид ХIусеновас. Баркиялъулаб кIалъаялда гьес тIадчIей гьабуна бакълъулазул школлъималаз рахьдал мацIалда асарал рикIкIиналъул республикаялъул конкурсалда чанго соналъ тIатIалаго призовиял бакIал кколел рукIиналда.

Къецазда школлъималаз махщел бихьизабуна авар мацIалда Дагъистаналъул авторазул кучIдул рикIкIиналъе. Килалъ гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан МухIамад Аслудиновас цIалана жинцаго гьарурал «Хасалихъали» ва «ГIагараб росу» абурал кучIдул.

Къецазул хIасилал гьарун, тIоцебесеб бакIалъе МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Хадижат МухIамадова, кIиабилеб бакIалъе ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Багистан ГIумарова ва Килалъ гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Хадижат Шапиева, лъабабилеб бакIалъе Ингишо гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Зарема ХIусенова ва ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Пайзат МухIамадова мустахIикълъана. Бергьаразе кьуна хIурматалъул грамотаби.

**Макка МухIамадова**

БЕРАЛ КЪАНЩУНИЛАН, КЪАДРУ ХОЛАРО

# ГIабдукарим ГIусманов

**17 февралалда Аллагьасул къадаралде щвана Бакълъулазул районалда цого-цо хутIун вукIарав КIудияб ВатIанияб рагъул ветеран, «БагIараб цIва», ВатIанияб рагъул тIоцебесеб даражаялъул орденазул кавалер, 12 медалалъе мустахIикълъарав, гьездаго гьоркьоб «Кенигсберг босиялъе гIоло» медалалъеги, гIолилазул насихIатчи, сахаватав жамагIатчи ГIабдукарим ГIусманов.**



ГIабдукарим гьавуна Бакълъулазул районалъул ЧIиркъатIа росулъ 1924 соналъ. 18 сон тIубачIев гIолохъанчи жиндиего бокьун ана рагъде, фашистазул чияр ракьал рахъулездаса бахIарчиго цIунана ВатIан. ГIахьаллъана нилъер улкаялъул гIемерал шагьарал ва росаби фашистаздаса эркен гьариялда. Кенигсбергалъе гIоло рагъда цояб бералдаса махIрумлъана.

Рагъдаса рокъове тIадвуссиндал гIахьаллъана халкъияб магIишат рукIалиде ккезабиялда, хIалтIана росдал колхозалда, насихIатчилъи гьабуна гIолеб гIелалъе.

ГIабдукарим ГIусмановас ЧIиркъатIа росдал гIадамазе гьаруна гIемер пайдаял ишал. Жиндирго гIарацги харж гьабун бана кIиго авал-мажгит, росулъе лъинал рахъана. ЛъикIаб гьариялъе харж гьабизе кьуна гIарац.

2018 соналъул 8 маялда, Бергьенлъиялъул къо тIаде щвелелде, дун ГIабдукарим ГIусмановасухъе рокъове щвана, кIиялго рази рукIана дандчIваялдаса.

Гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара бала ГIабдукаримил лъималазда, гIага-божаразда, гьев Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Алжан насиб гьабеги хварасе, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

# Уважаемые налогоплательщики!

**С 1 марта 2018 года по 28 февраля 2019 года в соответствии с Федеральным законом от 8 июня 2015 г. № 140-ФЗ «О добровольном декларировании физическими лицами активов и счетов (вкладов) в банках и о внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации» Вы можете сообщить о своих зарубежных активах и счетах в налоговый орган по месту жительства или в ФНС России.**

Добровольное декларирование направлено на освобождение от ответственности заранее совершенные нарушения налогового, таможенного и валютного законодательства, а также позволяет передать активы от номинального владельца бенефициарному (реальному) владельцу без уплаты налога.

Форма специальной декларации и порядок ее заполнения и представления размещены на официальном сайте ФНС России www.nalog.ru в разделе «Специальная декларация» {https://www. nalog. ru/rn 77/ taxation/speeded/).

ФНС России обеспечивает конфиденциальный режим хранения поданных специальных деклараций, не имеет права передавать, содержащиеся в них сведения третьим лицам и использовать их для целей осуществления мероприятий налогового контроля.

Также ФНС России подготовила для Вас информационную брошюру (https://www.nalog.ru/rn77/aboutJts/brochure/), в которой в доступной форме изложены особенности уплаты налогов в Российской Федерации при ведении бизнеса за границей или при наличии зарубежных активов, объясняется, как избежать двойного налогообложения, какая информация подлежит раскрытию, а также многие другие вопросы декларирования зарубежных активов и счетов.

**М. Набиев, начальник межрайонной инспекции ФНС России № 12 по РД, советник государственной гражданской службы РФ 1 класса**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Избирательная комиссия Республики Дагестан объявляет набор кандидатур на включение в кадровый резерв аппарата ИК РД на должность системного администратора.**

Кандидат должен иметь техническое высшее образование и навыки работы с компьютерной техникой. Желающие могут обратиться с заявлением в ТИК Гумбетовского района.

**ТИК Гумбетовского района**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ – ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Профилактика кариеса

**Кариес — самое распространённое заболевание в мире, представляющее собой патологический процесс деструкции твердых тканей зуба из-за целого ряда неблагоприятных факторов. Эта стоматологическая проблема в зависимости от стадии болезни лечится разнообразными методиками — как инновационными и щадящими, так и консервативными, зачастую весьма болезненными для пациента. Как предотвратить развитие кариеса и снизить риски его появления в долгосрочной перспективе? Об этом вы сможете прочитать ниже.**

**Профилактика кариеса у взрослых**

Взрослым мужчинам и женщинам, не имеющим серьезных хронических заболеваний, показан полный спектр возможных профилактических мер, направленных на противодействие возможному проявлению кариеса.

**Основные мероприятия, включают в себя:**

Системный уход за ротовой полостью с использованием зубной пасты/порошка, ополаскивающих растворов, нитей;

Отказ от вредных привычек, которые могут провоцировать кариес косвенно — это табакокурение и алкоголь;

Использование специальных жвачек без сахара на основе ксилита, дополнительно очищающих ротовую полость;

Значительная коррекция схемы ежедневного питания с исключением из рациона пищи, богатой на сахар и простые углеводы;

Дети от года до 14 лет входят в особую группу риска по кариесу — как показывает современная медицинская статистика, именно они чаще всего быстро приобретают данную патологию, а сам кариозный процесс на молочных зубах развивается стремительно — иногда сроки перехода от стадии пятна до глубокого поражения дентина занимают всего несколько месяцев.

С чего начать? Для начала, вводите в рацион питания ребенка препараты с повышенным содержанием кальция, откорректировав параллельно схему питания, максимально ограничив употребление продукции на основе простых углеводов. Чипсы, газированная вода, недорогие конфеты, промышленная сдоба — все это негативно влияет на состояние зубов ребенка. Обязательно включайте в рацион молоко, творог, твердые сыры, не забывайте и о витаминах — фрукты желательно давать не очень сладкие, а в осенне-зимний период обязательным становится приём витаминно-минеральных комплексов.

Практически каждый ребенок не слишком любит чистить зубы — постарайтесь организовать данный монотонный процесс в игровой форме, внимательно контролируя время чистки (оно не должно быть менее 3–4 минут).

**Средства профилактики кариеса**

Любые методы не помогут избавиться от опасности возникновения кариеса, если не использовать высокоэффективные средства для осуществления базовых мероприятий. В первую очередь, к ним относят зубные пасты — наиболее доступный товар широкого потребления.

В состав современной зубной пасты практически всегда входят соединения фтора (фторид). При правильном применении данного средства (с использованием минимум 2 раза в сутки, по 3 минуты интенсивной очистки всего зубного ряда и прилегающих локализаций) риск образования кариозных процессов снижается на 40 процентов.

**Питание для защиты от кариеса**

Правильная схема питания — один из важных компонентов эндогенной профилактики кариеса у людей любого возраста. Именно ежедневный рацион, если он подобран плохо, может провоцировать образование налета и создавать оптимальную среду размножения бактерий в ротовой полости, которые при наличии большого количества простых углеводов, продуцируют органические кислоты, негативно влияющие на эмаль.

От чего стоит отказаться? В первую очередь, максимально ограничьте употребление сладкого черного чая и кофе, чипсов, соленого арахиса, крекеров, сдобы, пончиков, молочного шоколада и иной продукции, провоцирующей образование налета и содержащей большое количество простых углеводов.

Добавьте в ежедневный рацион молочную и кисломолочную продукцию, овощи и несладкие фрукты, а также все сорта мяса. Питайтесь сбалансировано (в равных пропорциях белки, жиры и сложные углеводы), дробно, не менее 5–6 раз в день, но небольшими порциями.

**Юсра Шейхова, врач-стоматолог Гумбетовской районной больницы**

БетIерав редактор ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияв секретарь Къурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета къабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр IIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождаcул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1063
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда: 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.